

# Lojman san Fimen



## Lojman san Fimen

- Nan yon bilding san fimen, yo pa pèmèt moun fimen okenn kote andedan bilding lan epi pafwa yo entèdi fimen nan zòn deyò yo.
- Yon règleman ki entèdi fimen ede rezidan yo rete ansante paske sa diminye lafimen pasif, epi pwopriyetè bilding yo fè ekonomi lajan paske sa redwi depans pou netwayaj.
- Nan Vil New York, li ilegal pou fimen nan zòn komen nan bilding ki gen plizyè lojman yo, epi depi mwa out 2018, bilding ki gen plizyè lojman yo dwe gen yon règleman sou fimen tou. Pou jwenn plis enfòmasyon sou lwa ki entèdi fimen yo, ale sou sitwèb [nyc.gov/health](https://nyc.gov/health) epi chèche **smoking laws** (lwa konsènan fimen).



## Lafimen Pasif

- Lè yon moun pouse lafimen yon pwodui tabak soti deyò, yon lòt moun kapab respire lafimen an. Sa a rele lafimen pasif.
- Lafimen pasif ogmante risk pou kriz opresyon, maladi respiratwa, estwok, maladi kè ak kansè nan poumon nan granmoun ak timoun ki pa fimen.
- Lafimen pasif kapab pase nan fant, nan sistèm vantilasyon ak nan fenèt yo. Yon apatman pa kapab san fimen nèt si bilding lan pa san fimen.



Nan Vil New York City, **1 adilt sou 3** ki pa fimè ekspoze nan lafimen pasif.<sup>1</sup>

<sup>1</sup> "Ekspozisyon nan Lafimen Pasif pami Moun ki Pa Fimè nan Vil New York nan Kontèks Règleman Resan sou Kontwòl Tabak: Sitiyasyon an Kounye a, Chanjman nan Dènye Deseni an, ak Konparezon Nasyonal," <https://doi.org/10.1093/ntr/ntw135>

## Bilten Sante

Ale sou sitwèb [nyc.gov/health](https://nyc.gov/health) pou wè tout Bilten Sante yo.  
Rele **311** pou mande kopi gratis.

## Evite Lafimen

- Anvan ou mande yon règleman ki entèdi fimen, ekri kilè ak kikote lafimen antre nan apatman w lan. Mete tout efè lafimen pasif genyen sou sante w, sitou si ou gen yon andikap, tankou anfizèm oswa kansè nan poumon.
- Mande mèt kay la oswa manadjè bilding ou an:



Pou li kreye pou bilding ou an yon règleman ki entèdi fimen



Pou li bouche fant oswa twou vid ki genyen ant apatman yo



Pou li ba w yon lòt apatman ki pi lwen sous lafimen pasif la



Ale sou sitwèb [nyc.gov/health](https://nyc.gov/health) epi chèche **smoke-free housing** (lojman san fimen) pou w jwenn plis enfòmasyon sou fason pou w evite lafimen.

## Konsèy pou Kite Fimen

Kite fimen se yon fason pou pwoteje moun pwòch ou ak vwazen w yo kont lafimen pasif, ak pou kreye yon anviwònman san fimen. Li ka difisil pou w kite fimen, men konsèy sa yo ka fè li pi fasil pou w kite:

- ✓ Deside poukisa ou vle kite fimen.
- ✓ Chèche sipò ak ankourajman: **1-866-697-8487** kapab ede w.
- ✓ Prepare w pou kite fimen: elimine tout brikèt lakay ou epi jete sigarèt yo.
- ✓ Chwazi yon dat pou w kite fimen.

Pou jwenn plis konsèy, ale nan [nyc.gov/health](https://nyc.gov/health) epi fè rechèch **NYC Quits** (NYC Kite Fimen).

## Resous

### Konekte

 @nychealthy

 nychealth

 @nychealthy

### Jwenn Plis Enfòmasyon

Ale sou sitwèb [nyc.gov/health](https://nyc.gov/health) epi chèche **smoke-free housing** (lojman san fimen)

### Resevwa Dènye Bilten Sante

Voye yon imèl bay [healthbulletins@health.nyc.gov](mailto:healthbulletins@health.nyc.gov)



Ale sou sitwèb [nyc.gov/health/pubs](https://nyc.gov/health/pubs) pou jwenn Bilten Sante sa a nan lòt lang ak lòt materyèl sante ki tradui. Ou gen dwa pou resevwa sèvis yo nan lang ou. Sèvis sa yo gratis nan tout biwo ak klinik Depatman Sante Vil New York.